



Pou Piblikasyon Imedya: 19/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON KANTITE REKÒ SOU SEJOU NAN TEREN KANPING ETA NEW YORK YO AN 2021

*Lannuit teren kanping Pak Eta 2021 an rete wo nan 15 pousan pa rapò ak rekò
2019 anvan an*

*Lannuit teren kanping DEC 2021 an rete siperyè ak 10 pousan pa rapò ak rekò
2016 anvan an*

Sit kan, kabàn, chalè, tant yo okipe apeprè 1.2 milyon nuit

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a rezèvasyon nuit nan teren kanping Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la jere yo te ogmante pou atenn nivo rekò ane sa a amezi vizitè yo ap anbrase sekirite, sante ak lwazi abòdab pandan pandemi COVID-19 la.

Pandan Jounen Columbus la, sit kan, kabàn, chalè ak tant yo nan teren kanping Pak Eta a yo te okipe pou 787,103 nuit, ki depase rekò 2019 la nan 684,820 nuit pa 15 pousan. Teren kanping DEC yo te okipe pou 394,401 nuit, ki depase rekò 2016 lan nan 354,521 nuit pa plis pase 10 pousan.

"Chif yo pa bay manti - moun yo te montre nan ki nivo yo apresye tout sa teren kanping Eta nou an yo gen pou ofri, espesyalman amezi ke pandemi an te rann lwazi anplennè vin pi dezirab pase sa te janm ye", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Non sèlman teren kanping nou yo nan pri abòdab, pwòp ak sekirite, men tou avèk sit sa yo ki vital pou ekonomi touris New York la, administrasyon mwen an pral kontinye fè tout sa nou kapab pou asire New York rete yon destinasyon prensipal pou kanpè yo".

Pandan deseni pase a, amezi amelyorasyon yo t ap fèt nan tout eta a nan kad pwogram kapital NY Parks 2020 an, sejou lannuit total sou teren kanping Pak Eta yo te ogmante apeprè 45 pousan.

Pak Eta a yo jere 68 teren kanping Pak Eta, ki gen ladan 8,179 sit kan, 825 kabàn, 18 tant ak 136 chalè ki gen sèvis konplè avèk komodite tankou kouran, kwizin, douch, kabann, salamanje ak espas anplennè.

Erik Kulleseid, ki se Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik, te deklare, "Se gratifyan pou wè piblik la te bay Pak Eta yo yon vòt konfyans ankò. Bay plas pou lwazi sekiritè ak sen enpòtan pandan n ap kontinye soti nan pandemi an, epi moun yo renmen anpil amelyorasyon ki te fèt nan kad inisyativ NY Parks 2020 an. Moun yo gen anpil chwa jodi a sou fason pou yo pase tan lwazi yo, epi nou rekonesan ke anpil ladan yo chwazi pase li nan pak nou yo. Nou gen entansyon kontinye ak pwogrè sa a".

DEC jere 52 teren kanping ak senk zòn pou itilize pandan lajounen nan rezèv forestye Adirondack ak Catskill ki ofri yon gran varyete eksperyans, sa gen ladan kan, tant ak karavàn, enstalasyon lansman bato, santye siklis, plaj ak zòn pou itilize lajounen ki gen tab pou piknik ak babèkyou. Sezon kan an ap fèt pandan ete a, kote kèk enstalasyon ap rete ouvri pandan feyaj otòn lan ak sezon chas la. Nan kad [Adventure NY](#) ak lòt inisyativ yo, DEC kontinye fè amelyorasyon nan enstalasyon kan DEC yo, [sa gen ladan plizyè pandan sezon 2021 an](#) pou bay nouvo douch ak estasyon sanitè, kouran ak sistèm dlo, epi amelyorasyon ki espesifik pou kavalye (monte cheval) nan teren kanping nan Frontier Town lan.

Komisè DEC, Basil Seggos, te deklare, "Lè Nouyòkè yo te enpasyan pou soti deyò san danje pandan pandemi COVID-19 aktyèl la, yo te konnen egzakteman ki kote pou yo ale. Eta New York se kay gen yo gwo varyete destinasyon kan ke tout moun kapab jwi. Mwen santi mwen ankouraje akòz kantite rekò vizitè yo ane sa a epi pa ka tann pou wè retou yo epi pwofite opòtinite pak Adirondack ak Catskill New York gen pou ofri yo".

An 2021, Eta New York te lanse yon nouvo pwogram Fidelite/Rekonpans pou kanpè yo kote yo genyen pwèn pou chak dola yo depanse nan akomodasyon lannuit yo nan tout teren kanping Pak Eta a yo ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la posede ak jere. Plis pase 55,800 moun te enskri jiskaprezan. Kanpè yo kapab kòmanse genyen pwèn nan nouvo rezèvasyon yo osito yo enskri. Pou plis enfòmasyon sou pwogram nan ak pou enskri, ale sou <https://bit.ly/3Ek7Hsp>.

Nuit ki rezève nan teren kanping Pak Eta a yo pa ane:

2011- 541,771

2012- 578,428

2013- 583,016

2014- 594,441

2015- 623,991

2016- 650,857

2017- 648,420
2018- 663,953
2019- 684,820
2020- 597,188*
2021- 787,103**

Nuit ki rezève nan teren kanping DEC yo pa ane:

2011 - 311,227
2012 - 333,334
2013 - 323,711
2014 - 326,363
2015 - 346,524
2016 - 354,521
2017 - 347,893
2018 - 349,630
2019 - 352,234
2020 - 284,275*
2021 - 394,401

*Teren kanping pak yo te fèmen an avril, me ak kòmansman jen akòz restriksyon COVID

** Jiska 27 oktòb avèk rezèvasyon annatant yo ki te fèt jiska desanm

Senatè Eta Jose Serrano te deklare, "Mwen kontan anpil ke plis Nouyòkè ak vizitè ap dekouvri teren kanping eta nou an pandan y ap chèche opsyon lwazi ki sekirite ak nan pri abòdab pandan pandemi COVID-19 la. Kwasans rekò nan rezèvasyon teren kanping yo montre ke n ap reyisi nan konekte plis kominote ak pak yo, ankouraje yon

apresyasyon pou bote natirèl enkwayab New York ak avantaj sante fizik ak emosyonèl aktivite anplennè yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul, Komisè Kulleseid ak Komisè Seggos pou angajman yo nan asire tout Nouyòkè yo kapab jwi mèvèy natirèl gwo eta nou an".

Manm Asanble, Steve Englebright, te deklare, "Se bon nouvèl ak prèv ke investisman kontinyèl Eta New York nan etabli yon sistèm pak eta ki laj se yon bagay ki vreman vo lapèn. Pa gen anyen ki pi bon pou santre lavi nou pase vizite oswa fè kanping lannuit nan youn nan anpil pak eta nou yo. Investisman Eta nou an nan sistèm pak nou an se lajan ki byen depanse epi pak eta nou an yo se yon bagay nou kapab transmèt bay jenerasyon alavni yo".

Manm Asanble, Daniel O'Donnell, te deklare, "Kòm Prezidan Komite Asanble a sou Devlopman Touris, Atizay, Pak ak Espò, mwen kontan wè nivo rekò pou patisipasyon nan kan nan pak nou yo. New York se kay plis pase 180 pak ak 35 sit istorik, chak ladan kontribiye nan devlopman kominotè, kwasans ekonomik ak sante pèsonèl. Patisipasyon ki ogmante a tou reflekte yon reyalyte ke nou te konnen depi lontan: pak yo se peyizaj esansyèl nan New York. Mwen rekonesan genyen yon defansè pak yo nan Gouvènè Hochul epi mwen pa ka tann pou travay avèk kòlèg mwen yo pou asire Nouyòkè yo gen aksè ak enstalasyon pak yo".

Rezèvasyon pou teren kanping Pak Eta yo disponib atravè ReserveAmerica, ki bay rezèvasyon sou entènèt ak nan telefòn pou sit kan yo nan New York. Yo aksepte rezèvasyon pou sit kan ak kabin yo, de yon jou a nèf mwa annavans de dat ki planifye a. Vizite [sitwèb](#) la oswa rele nan nimewo telefòn gratis 1-800-456-CAMP.

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, tèren gòlf, ranp lansman bato ak plis ankò, ki te resevwa yon kantite rekò 78 milyon vizitè an 2020. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn rekreyatif sa yo, rele 518-474-0456 oswa ale sou www.parks.ny.gov, pran kontak avèk nou sou [Facebook](#), oswa suiv nou sou [Instagram](#), [Twitter](#) oswa sou [blog](#) Pak Eta yo.

Pou amelyore sekirite piblik ak ankouraje vizitè yo nan tè Eta a posede yo pratike lwazi ki responsab, prentan sa a, DEC te lanse kanpay 'Renmen Tè New York Nou Yo' (Love Our New York Lands). Kanpay la reponn ak ogmantasyon konstan nan kantite vizitè yo nan tè eta a yo, pandan pandemi COVID-19 la ak nan deseni anvan an, amezi plis Nouyòkè ak vizitè nan lòt eta ak peyi dekouvri bote natirèl tè Eta New York yo. Pou detay ak plis enfòmasyon, vizite [pajwèb Renmen Tè New York Nou Yo](#) ([Love Our New York Lands](#)).

###

Lòt nouvèl ki disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418